



Pou Piblikasyon Imedya: 18/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO: NEW YORK PA PRAL  
DEPLWAYE GAD NASYONAL SOU FWONTYÈ A**

***Gouvènè Cuomo: “New York pa pral patisipe nan tretman inimen ke y’ap bay fanmi imigran yo sou fwontyè nou an”.***

“Tretman san konsyans ke administrasyon an ap bay fanmi yo ki sou fwontyè nou an se yon eskandal moral ak yon afwon pou valè nou yo ki te konstwi eta sa ak nasyon sa.

Fas a trajedi imèn sa ki ap kontinye a, kite mwen byen klarifye: New York pa pral patisipe nan tretman inimen ke y’ap bay fanmi imigran yo. Nou pa pral deplwaye Gad Nasyon sou fwontyè a, epi nou pa pral konplis nan yon kalandriye politik ki gouvènè apati laperèz ak divizyon.

Jou aprè jou, mwen vin deplizanpli twouble akòz rapò sou taktik malonèt yo ke ICE te itilize nan alafwa pwòp eta nou an ak sou tout fwontyè nasyon nou an. Mwen te mande Enspektè Jeneral Pa Enterim nan Depatman Sekirite Enteryè an pou li mennen ankèt sou taktik ilegal ak diskriminatwa ICE yo nan New York epi di nou kisa ke biwo li an ap fè konsènan daso y’ap fè sou fanmi imigran yo sou fwontyè nou an.

Nan New York, nou kanpe ak valè ki enkane nan Demwazèl lan ki nan Pò nou an. Nou konnen ke divèsite nou se pi gwo fòs nou, epi nou pa pral janm sispann batay pou pwoteje epi ranfòse dwa imigran yo”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)